दिन—रविवार दिनांक—26.04.2026

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कहलनि अछि जे तमिलनाडुक कल्पक्कम मे फास्ट ब्रीडर रिएक्टर के चालू करबाक सफलता ऐतिहासिक उपलब्धि थीक आ एहि सँ भारतक गौरव बढ़ल अछि। आकाशवाणी सँ मन की बात कार्यक्रम मे प्रधानमंत्री एहि सफलताक लेल देशक परमाणु वैज्ञानिक लोकनिक सराहना कयलनि। प्रधानमंत्री कहलनि जे ई परमाणु संयंत्र पूर्णरूपेण स्वदेशी तकनीक सँ बनल अछि आ ब्रीडर रिएक्टर बिजली उत्पादनक अतिरिक्त भविष्य लेल नव ईंधनक विकल्प सेहो अछि। ओ कहलनि जे देशक पवन ऊर्जा उत्पादन क्षमता आब छप्पन गीगा वाट सँ बेसी भऽ गेल अछि। प्रधानमंत्री श्री मोदी कहलनि जे वर्तमान जनगणना अभियान विश्वक सभ सँ पैघ जनगणना अभियान थीक आ प्रत्येक देशवासी के एकर जनतब हेबाक चाही। ओ जनौलनि जे जनगणना लेल सभ जनतब डिजिटल रूप मे दर्ज कयल जा रहल अछि। जनगणना प्रक्रिया के आसान बनाओल गेल अछि, ताकि लोक अपन जनतब स्वंय दर्ज कऽ सकथि। ई सुविधा जनगणनाकर्मी के अयबा सँ पंद्रह दिन पहिने धरि चलत। प्रक्रिया पूरा हेबाक बाद मोबाईल अथवा ई—मेल पर एक विशेष आईडी देल जायत जकरा देखाकऽ जनतब सत्यापित कयल जा सकत। प्रधानमंत्री कहलनि जे एखन धरि करीब एक करोड़ बीस लाख मकानक सूची तैयार कयल जा चुकल अछि। ओ कहलनि जे जनगणना प्रक्रिया मे लोक सभक भागीदारी अत्यंत महत्वपूर्ण थीक। ओ आश्वस्त कयलनि जे नागरिकक जनतब गोपनीय रहत। प्रधानमंत्री कहलनि जे एहि वर्ष पहिल मई के बुद्ध पूर्णिमा मनाओल जायत। ओ कहलनि जे भगवान बुद्धक संदेश आइयो ओतबे प्रासंगिक अछि, आ वैश्विक तनाव तथा संघर्ष के देखैत हुनक शिक्षा आओर बेसी महत्वपूर्ण भऽ गेल अछि। श्री मोदी कहलनि जे बौद्ध परंपरा प्रकृति सँ जुड़ब सीखबैत अछि।

---

प्रधानमंत्री कहलनि जे मई मास अठारह सय संताबनक प्रथम स्वतंत्रता संग्राम के स्मरण करबाक अवसर सेहो होइत अछि। श्री मोदी ओहि सभ वीर स्वतंत्रता सेनानी के नमन कयलनि जे देशभक्तिक अलख जगौने छलाह। श्री मोदी धीया—पूता के गर्मीक छुट्टीक भरपूर आनंद लेबाक आ किछु नव सीखबाक सलाह देलनि। ओ गर्मीक मौसम मे स्वास्थ्य पर विशेष ध्यान रखबाक अनुरोध सेहो कयलनि।

———————————————————————————

मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी मुंगेर जिलाक असरगंज प्रखंड अंतर्गत बैजलपुर गाम मे प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदीक मन की बात कार्यक्रम के सुनलनि। एहि अवसर पर भाजपा विधायक कुमार प्रणय, प्रमंडलीय आयुक्त प्रेम सिंह मीणा, जिलाधिकारी मिखिल धनराज निप्पणीकर, पुलिस अधीक्षक सैयद इमरान मसुद समेत कतेको गणमान्य लोक उपस्थित छलाह। पटना स्थित भाजपा कार्यालय समेत विभिन्न स्थान पर लोक सभ तन्मयताक संग मन की बात कार्यक्रम के सुनलनि।

———————————————————————————

मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी बांका जिलाक तिलडीहा दुर्गा मंदिर पहुंचि कऽ पूजा–अर्चना कयलनि। एहि सँ पूर्व मुख्यमंत्री मुंगेर जिलाक ढोल पहाड़ी स्थित दुर्गा मंदिर मे सेहो पूजा कयलनि आ बारह करोड़ टाका सँ बेसीक लागतिवला ईको टुरिज्म योजनाक शिलान्यास कयलनि।

———————————————————————————

उपमुख्यमंत्री विजय कुमार चौधरी कहलनि अछि जे राज्य मे मंत्रिमंडलक विस्तार जल्दीए होयत। ओ आइ पटना स्थित जदयू कार्यालय मे संवाददाता लोकनि सँ गपशप मे ई बात कहलनि।

———————————————————————————

नव दिल्ली मे चलि रहल पांच दिवसीय मलंगिया महोत्सव मे प्रतिदिन मैथिली साहित्य नाटक आ परिचर्चाक आयोजन कयल जा रहल अछि। ई आयोजन राजघाट स्थित मल्हार सभागार समेत आनो सभागार मे भऽ रहल अछि। एनएसडीक निदेशक चितरंजन त्रिपाठी कहलनि अछि जे नाटक सँ मानव जीवन के प्रेरणा भेटैत अछि। ओ रंगमंच के प्रोत्साहन देबाक आवश्यकता पर जोर देलनि।

———————————————————————————

ऊपरी हवाक चक्रवातीय परिसंचरण क्षेत्र बनबाक कारण आइ प्रदेशक उत्तर–पश्चिम, उत्तर–मध्य आ उत्तर–पूर्वी भाग मे विभिन्न स्थान पर अन्हर उठल आ बरखा भेल। हमर अररिया संवाददाता जनौलनि अछि जे जिला मे कतेको ठाम तेज हवाक संग मूसलाधार बरखा भेल आ ठनका सेहो खसल। कटिहार, पूर्णियां, सुपौल, मधुबनी समेत आनो जिला मे बरखा तथा ओलावृष्टि हेबाक संवाद प्राप्त भेल अछि। एम्हर, प्रदेशक दक्षिण–पश्चिम भाग मे प्रचंड गर्मी आ लू चलबाक स्थिति बनल अछि। पटना मे जिला पदाधिकारी डॉक्टर त्यागराजन एसएम गर्मी के देखैत प्री–स्कूल, आंगनबाड़ी केन्द्र तथा कक्षा आठ धरिक सभ सरकारी आ निजी स्कूल के सवेर मे साढ़े एगारह बजे के बाद शैक्षणिक गतिविधि पर रोक लगा देलनि अछि। ई आदेश तीस अप्रील धरि प्रभावी रहत।

---

. समाप्त